# НУР

ISSN 0207-6551

7
2021



6+

# ГЪЭМАХУЭ

*Пс. АфIэунэ Лиуан,* *макъ. ХьэIупэ Джэбрэiил яйщ.*

Уафэм и IэпIохуэм
ПлIаплIэу дыгъэр исщ,
Хадэми имыхуэу
Хадэхэкlыр изщ.

ФIэхуэр фIэлъщ ди санэм,
Пызщ ди щхъырыбейм.
Си къуэш цIыкIу Хьэсанэ
Абы доIэбей.

Ди Iущхьэ щхьэматэр
Плъыжьу къэгъэгъащ.
ДиIэщ да мамкъути,
Ди балийри хъуащ!




Си къуэш цIыкIу Хьэ - са - нэ а - бы до - Iэ -
бей. Ди Iу - щхьэ щхьэ - ма - тэр
плъы - жьу къэ - гъэ - гъащ. Ди - Iэщ дэ мам -
къу - ти, ди ба - лий - ри хъуащ!





# ДЗЭПЩ

***СОСНАЛЫ СУЛЪТIАН, пэщIэдзэ классхэр къызэриухыу, кхъухьлъатэзехуэхэр щагъасэу Сызрань къалэм щыIэ еджапIэм щIэтIысхьащ, абы иужькIэ маршал Жуковым и цIэр зезыхьэ дзэ Академиер къиухащ. Дзэм хахуэу зэрыхэтам и фIыщIэкIэ абы къыхуагъэфэщащ «СССР-м щIыхь зиIэ и дзэ кхъухьлъатэзехуэ» цIэ лъапIэр. Совет зэманым ар зыхуагъэфэщауэ адыгэм яхэтар Сосналым и закъуэщ. ЛIыхъужьым и цIэр «авиацэ щIэнгъуазэм» и тхылъышхуэм иратхащ.***

## IуэрыIуатэм къыхэкIам хуэдэт...

Псори дыдахьэх нарт лIыхъужьхэм. Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ, Ашэмэз сымэ я лIыгъэр тельыджэщ, я пшыналъэхэр уардэу мэIу. Ауэ ахэр IуэрыIуатэ лIыхъужьхэщ. Абыхэм хуэдэ цIыху хахуэхэр дэ къытхэкIыркъэ атIэ? Дауи, сыт зэманми, дэтхэнэ лъэпкъми къахокI лIыхъужьыпсэ зыIутхэр. Апхуэдэхэращ фэ фхуэдэ сабийхэми щапхъэ зытрахыр. Адыгэм ди лIыхъужьщ гурэ псэкIэ лъэпкъым хуэпэжа, къэралым хуэлэжьа, лIыгъи, цIыхугъи, гущIэгъуи зыхэлъа, зи теплъэкIи хэкулI уардэ Сосналы СулътIан. Пэж дыдэу, ар таурыхъхэм къахэкIам ещхьт и теплъэкIи и IуэхукIи!

## Хахуэ хъунур цlыкlу щlыкlэ уощlэ

Сулътlан цlыкlуу зыцlыхуахэм ягу къагъэкlыж ар гумащlэу, цlыхуфlу щытауэ. Лей зытехьам къыщхьэщыжу, дэlэпыкъуэгъу хуэныкъуэм зыщlигъакъуэу апхуэдэт. И къуажэгъухэм жаlэж зэгуэр Сосналы Сулътlан, езыр ныбжьыщlэу, Тэрчыпсым ирихьэжьа щlалэ цlыкlуитlыр къызэрыригъэлар! А псы уэр гъуахъуэм езыри итхьэлэнкlэ зэрыхъунум игъэшынакъым лlыхъужь цlыкlур.

## Лlыгъэ зыхэлъыр напэ къабзэ зиlэрщ «Абхъазым си напэрт сызышар»

*Сосналы С. А.*

Сосналы Сулътlан хуабжьу гузэващ ди къуэш республикэ цlыкlум куржыхэм зауэ къыщращlылlэм. Абхъазым зауэ и пlалъэ зыщlэ дзэпщ зэрамыlэр ищlэрти, пlащlэрыщlэу кlуащ. Аращ абы зыхъумэжынымкlэ я штабым и унафэр къыщlылъысари. Си lуэхущ а дзэпщым къыхуэмысэбэпами фlагъыу бгъэдэлъ псор: лlыгъэр, акъылыр, цlыхугъэр, щlэныгъэр! Зэпlэзэрыту, мыгужьейуэ, lуэхур зэпилъыту егупсысырти, унафэ ищlырт. Зауэр псэзэпылъхьэпlэкъэ атlэ?.. А псэзэпылъхьэпlэм абхъаз лъэпкъыр къизышар Сосналы Сулътlанщ,абыхэм я текlуэныгъэр зыдалъагъури «Абхъазым и лlыхъужь» цlэр, «Пщlэрэ Щlыхьрэ» къэрал дамыгъэ лъапlэр зрата а ди адыгэлl хахуэрщ. Ар иджы щlэблэр зыщlэпlыкlын хуей щапхъэщ!

## Кхъухьлъатэзехуэ

Уафэм фыдэплъейуэрэ кхъухьлъатэм абы щыхиш лъагъуэм фыкlэлъыплъа зэгуэр?! Цыхъарым хуэдэу кlапсэрышэ лъагъуэщ ар... Дапщэрэ апхуэдэ лъагъуэ уафэгум щригъэщlа ди лlыхъужьым? Кхъухьлъатэкlэ зыпlэтыну хъуапсэгъуэщ езыр. Сосналыр уэгум щыхэгъэрейт. Ар 500-рэ парашюткlэ уафэм къелъащ. Гъэщlэгъуэнщ, сыту пlэрэ уафэм къех цlыхум зыхищlэр?! Жьыбгъэм ущыпхылъэткlэ абы уи lэпкълъэпкъри псэри ипсыхьу пlэрэ?! Сосналы Сулътlан уэгум зэрита зэманыр къэббжыжмэ – сыхьэт 3500-м фlокl. Атlэ къыпхуэмылъытэн хуэдиз гупсысэ кърихагъэнущ абы уэгум. Гупсысэ къабзэ защlэу! Дауикl, уафэм щыlэр къабзагъэщ, Сосналым хуэдэр зырызщ.

***Сосналы Сулътlан цlэ бзыщlа къыфlащат а зауэм щыхэтам. Ар бжыгъэцlэщ. Къыфхуэщlэну пlэрэ? Адыгэ лъэпкъым и лlакъуэхэр зэрыхъур апхуэдизщ, а бжыгъэр адыгэ ныпым щолъагъу, зы цlыхум и lэпкълъэпкъми апхуэдизщ зэрытыпlэу иlэр. Аращ адыгэ лъэпкъым и къуэпсхэр зы цlыхум и lэпкълъэпкъым хуэдэу зэкъуэзыгъэува лlыхъужьым а цlэр къыщlыхуагъэфэщари. Сосналым теухуа тхыгъэхэм феджэмэ, къэвгъуэтынщ.***

Зыгъэхьэзырар ***ГУГЪУЭТ Зэремэщ***

Адыгэр мажусий диным щитам тхьэхэмрэ тхьэпэлъытэхэмрэ тхьэлъэlукlэ захуигъазэрт, тхьэхуэlухуэщlэкlэрэ ахэр игъафlэрт. Абыхэм ятеухуа хъыбархэр lуэрыlуатэм lурылъщ, а тхьэхэм я дамыгъэхэр лъэпкъым ихъумащ. Сэри сфlэгъэщlэгъуэну сахуэусащ.

АБРОКЪУЭ Беллэ



## Жыг гуащэ

Уэгум и гум йохьэ
ЩхьэкIэ зызыужьыр.
ЩIыгум и кум хохьэ
Лъабжьэ зызыубгъур.
Ар езыр – Жыг гуащэу
Жыгым я нэхъ лъэщырщ,
Лъэпщыр дэзыхьэхыу
Тхьэхэм я нэхъ Iущырщ,
ГуащIэу гущIэм хэлъыр
Лъхугъэу зыпкърыкIырщ,
Сабий дыгъэр – тыгъэу
Нартхэ къахуэзыхьырщ.

## МЭЗЫТХЬЭ

Мэзышхуэм Iущащэу
И тхьэмпэр пэщащэм,
Жыгейм зигъэщхъарэ
Къудамэхэр щащэм
Мэзытхьэ зиутхыпщIу
Аращи, фысакъ...
ЩакIуэфIхэ, фысакъ!

Тыхь хуэфщIи Iэхулъэхум,
АжэхукIэ къэвгъафIэ,
Ажафэр зи щIыфэр
Къыдэфши къэвгъафэ,
Дэ башу уфафэр,
Джэгу гупсэ зыщIыфыр,
ТхьэлъэIухэр зыщIифу
ТхьэпыщIэ тхуэхъуфыр.



Мэзышхуэм Iущащэу
И тхьэмпэр пэщащэм,
Жыгейм зигъэщхъарэ
Къудамэхэр щащэм,
Санэхур къыщыпкIыу
Къивгъахъуи девгъафэ,
Мэзытхьэ хуэуджу
Къэджэгу, ажэгъафэ!

## ЩЫБЛЭ

Щыблэ-благъуэр щхьищу блэуэ,
Блэрэ сыуэ и пщэр хеш.
Шэрэз-шабзэр бзэм пылъэлъуэ,
Пшэ шыржьейхэм я псэр хех.
Пшэ нанэжьым зызэхуешэ,
И нэ гъуабжэм нэпс Iэпоху,
Пыхуу и фэр, жьым зыпещIэ,
Уэшхыу лъалъэу дыщым хуох...



  

# БЫФАДЭ

***Дзэлыкъуэкъуажэ щыпсэу, тхэквондом сабийхэр хуэзыгъасэ КЪАРДЭН АХЬМЭД пасэрей быфадэ хабзэр къегъэщIэрэщIэж.***

***Къардэн Ахьмэд, дзэм къулыкъу щищIэу къигъэзэжа нэужь, хабзэхъумэхэм яхыхьэну и тхылъхэр игъэхьэзырырт. Абы я бжэIупэм и деж щигъэуват спортым зэрызыхуигъасэ Iэмэпсымэхэмрэ турникхэмрэ. ПIалъэ кIэщIым ар кIуапIэ яхуэхъуащ хьэблэдэс сабийхэм. ЦIыкIухэм ящыщ зым и адэр Ахьмэд къелъэIуащ ныбжьыщIэхэм папщIэ секцэ къызэригъэпэщу ядэлэжьэну.***

## Iуэхум и къежьапIэ хъуар

Ахьмэд игу къегъэкIыж: «Брамтэ къуажэм щыщу Мэзкуу щыпсэу Тебэрды Сулеймэн зэгуэр къызэупщIауэ щытащ пасэрей быфадэ хабзэм сызэрыхуэщытым, ар къэгъэщIэрэщIэжыным сэ хузиIэ Iуэху еплъыкIэм. Кууэ сигъэгупсысащ икIи ар щIэдзапIэ хуэхъуащ ди адэжьхэм къадекIуэкIыу щыта хабзэ дахэр нобэ зэтезублэжыным. Дауи, пасэм а хабзэр зэрагъэзащIэу щытам дыкъытемыкIыу (сабийр балигъыпIэ иувэху гъэсэныр) нобэ тхуэгъэзащIэкъым. Къалэнышхуэ зыпылъ а Iуэхум сытегушхуащ. Япэрауэ, илъэс зыбжанэкIэ сэ сабийхэм садэлэжьат, бгъэдыхьэкIэ сщIэрт. ЕтIуанэрауэ, си адэ-анэмрэ си къуэшхэмрэ сазэрыбгъэдэсым и фIыгъэ къызэкIащ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ мазэхэм къриубыдэу сабийм я гъэхьэщIэным, гъэсэныгъэм сыпэлъэщынымкIэ. Ахэр сэ хуабжьу дэIэпыкъуэгъушхуэ къысхуохъу.

## Махуэр зэрыдгъакIуэр

Дыкъоуш, ди Iэпкълъэпкъым зыдогъэукъуэдий, пщэдджыжьышхэ дощI, спортым зыхудогъасэ, шэджагъуашхэ нэужьым шым дошэс, иужькIэ унэм дыщолажьэ… КъищынэмыщIауэ, хьэрыпыбзэ язогъащIэ. КIэщIу жыпIэмэ,

зэманыр щхьэпэу догъакIуэ. Сабийхэм сщIэр си ужьым иту къапхъуатэ. ЩIалэ цIыкIухэм я адэ-анэхэм пыщIэныгъэхэр яхузиIэщ, ауэ, хабзэм къызэригъэувым тету, езыхэр куэдрэ зэзгъэпсалъэркъым. НыбжьыщIэхэм зыхащIыкIын хуейщ Iуэхугъуэ куэд. Сабийм езым къалэн зэрыбгъэдэлъыр къыгурыIуэу, ар тэмэму хуэгъэзащIэу, езыр-езыру Iуэхум тегушхуэфу къэхъун хуейщ. Иджы абыхэм я гъуэгугъэлъагъуэр сэращ, я быфадэрщ».

Ди щIыналъэм къищынэмыщIауэ, нэгъуэщI республикэхэм: Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Мэзкуу щыпсэухэу быфадэ хабзэр Ахьмэд къызэригъэщIэрэщIэжым теухуа хъыбарыфIыр зэхэзыхахэм я сабийхэри къыхуашэну зыкъыхуагъазэ. Арщ псэупIэ щхьэхуэрэ шхапIэрэ иухуэу и гъэсэнхэм я бжыгъэм мы гъэм къащIыхигъэхъуам и щхьэусыгъуэр. Мэкъуауэгъуэ мазэм щегъэжьауэ быфадэр ныбжьыщIэ 20-м ядэлэжьэну ирегъэблагъэ.

Илъэсибл ныбжьым щыщIэдзауэ илъэс пщыкIутхум итхэр и гъэсэнщ быфадэм. ЩIалэ цIыкIухэм я зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр абы гукъинэж ящищIын папщIэ щIыуэпсым, гуэлым, псыежэхым, тенджызым, нэгузыужь IуэхущIапIэхэм ешэ, хьэуа къабзэкIэ егъэбауэ, унагъуэ лэжьыгъэхэм хегъэгъуазэ, Iэщ гъэхъуным щIепIыкI, мэкъу Iэнащтэ, кIэртIоф щыпэ ешэ, кIэрыхубжьэрыхухэр зэхуахьэс, къуажэдэс нэхъыжьхэм ядоIэпыкъу. Абыхэм теухуа сурэтхэмрэ видеохэмрэ интернетым щыгъунэжщ.



### *ЩапхъэфI егъэлъагъуэ*

Къардэн Ахьмэд псапэ Iуэхухэр елэжь. Узыфэ зиIэ сабийхэм, иппотерапием екIуалIэхэм пщIэншэу ядолажьэ. КъищынэмыщIауэ, курыт школым къыщыхэжэныкI сабииплIым тхьэмахуэ къэс сыхьэтитIым кърибыдзу шууэ къарегъэжыхь, пщIэ щIамыту. НыбжьыщIэхэм IэбэкIэ ящIэу, хабзэ яхэлъу, щIэныгъэм гу хуащIауэ къэхъун папщIэ а быфадэм и закъуэ дапхуэдиз илэжьрэ! *Къуажэ къэскIэ дэсарэт апхуэдэ зы цIыху, лэжьыгъэ гугъум къадэмыхуэ адэ-анэхэм зыщIагъакъуэу, сабийхэр хьэулейуэ уэрамым дэмыту адыгэ хабзэм щIапIыкIыу.*

***ТЕКIУЖЬ Заретэ***




# БЖЬЭХЭР ФЫМЫГЪАЛІЭ, БЖЬЭХЭМ ФЕЛІАЛІЭ



«Бжьэхэр кІуэдыжмэ, илъэсиплІ нэхъ дэмыкІыу дунейр къутэжынущ». *(А. Эйнштейн)*

## Дывгъэчэнджащэ…

Физик цІэрыІуэм апхуэдэу жиІар пэжу пІэрэ? Пэжмэ, сыт щІыжиІар? Бжьэхэм сыт дэ къытхуащІэр? Фо дымышхмэ аракъэ! А-аа, ахэращ, пэжу, жыгхэм пхъэщхьэмыщхьэ къапызыгъакІэр. Хьэцэпэцэ къэкІыгъэхэр къэзыгъэхъур бжьэхэракъым, атІэ жьыбгъэрщ. ИтІани, шхынытъуэу тІухуэм я 80-90 %-р **зыушэсыр* (опыление)** бжьэ цІыкІухэращ. АтІэ ахэр кІуэдыжмэ, ди къэкІыгъэхэр хэхъуэнукъым, тшхын димыІэмэ, гъаблэ къэхъунущ. Ар сыту псалъэ шынагъуэ!

## Бжьэм теухуауэ зэхэтхахэр зэхуэтхьэсыжмэ…

Пэжу, мы иужь зэманым куэдым бжьэ гугъу ящІ. Гъэ кІуам фори нэхъ мащІэ хъуауэ жиІащ нанэ… «ИкІи нэхъ лъапІэт»,– къыщІегъуж мамэ. Ди щІыпІэм щыІэ бжьахъуэхэм яцыщу щым депсэлъати, тІум я бжьэ матэхэр яфІэлІэжауэ жаІащ. Зым щІэуэ къищэхужынущ, адрейм бжьэ зэрихуэжыну хуейкъым, ахэр щІэлІэжар ищІэркъыми. Бжьахъуэхэм бжьэр зэрагъэбагъуэр дощІэ, атІэ бжьэ зезымыхуэжынухэми я бжыгъэм къыхэхъуэмэ, я бжьэм къащыщІри ямыщІэмэ, физикым жиІари пэж хъумэ, дауэ-тІэ?!. Ар гузэвэгъуэщ!

## Дызэджахэм дахэплъэжмэ…

КъызэрыщІэкІымкІэ, 2006 гъэ лъандэрэ дуней псор ирогузавэ бжьэ цІыкІухэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ зэрыхъум. ЩІымахуэр щІыІэ хъумэ,







ар яхуимыхыу лIэж бжьэбынхэр 10 % хъурти, ахэр 30 % зэрыхъуам США-м гу лъатащ. Абы яушэс къэкIыгъэхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хохъуэ, бжьэхэм яйм хощI.

БжьэкIуэд къэхъуащ! Абы цIэ иIэщ: **«Colony Collapse Disorder».**

Европэм бжьэбыным я 20 % гъэ къэс щокIуэд. Ар дыдэр къыщохъу Азиеми Америкэми.

## БжьэкIуэдыр къызыхэкIыр сыт?

КъэкIыгъэхэм траутхэ хущхъуэхэм тралъхьэ. Ахэращ бжьэхэр нэхъыбэу зыгъалIэр. 2019 гъэм и гъэмахуэм къахутащ ди къэралым и щIыпIэ 30-м нэблагъэм бжьэхэр щылIауэ. Абы къыхэкIкIэ унафэ ящIащ къэкIыгъэм елэжьхэмрэ бжьахъуэхэмрэ зэрыщIэу зэдэлэжьэн хуейуэ. Хущхъуэ зылъэIэса жыгхэр здэщыIэм хъыбарегъащIэ дамыгъэхэр фIадзэу зэдэлэжьэн хуейхэщ. КъикIынуIауэ пIэрэ?

## Девмыгъэгуауэ бжьэ цIыкIухэм!

Бжьэхэм дахуэвгъэсакъ. Ахэр унэм къыщIэлъэтами, бжьэбыным дахэхуами, ди щIыпIэм зэщIэбжьыбжьэу къэкIуа хъуами, дывмыгъэукI. Мы сурэтхэм феплъ. А цIыкIухэр гузэвэгъуэ гуэр хэхуати аращ машинэм щIепщIар. Уабгъэдэмыхьэмэ, уалъэмыIэсмэ, уи гугъу къащIынукъым. Абы тIэкIу загъэпсэхунурэ лъэтэжынущ.

Зыгъэхьэзырар **ХЪУЭКIУЭН Фатимэщ**

**ЦIыкIухэ, фэрэ дэрэ нобэ дызытет дунейр джэдыкIэ къутэным хуэдэу махэ хъуащ. Фэ пщэдей къыфхэкIынущ къэрал унафэщIхэр, хабзэхъумэхэр, биолог, ботаник IэщIагъэфIхэм хуеджэнухэр, бжьэ гъэхъуным дихьэхынухэр. ГущIэгъуи гулъыти фхэлъу, псапэ Iуэху влэжьу фыпсэууэ зевмыгъасэмэ, фэ ар дыдэр фи щIэблэм евмыгъэлъэгъужмэ, ди къэкIуэнур шынагъуэщ.**

***(«Нур» журнал)***

# ГЪУДЭМ САГЪЭДЫД, БЖЬЭХЭМ САГЪЭБЖЬЫБЖЬ

**- Гъэмахуэм бадзэм сагъэбампIэ,**
**Гъэмахуэм гъудэм сагъэгубжь,**
**Е сагъэшынэ хьэдзыгъуанэм,**
**Е бжьэхэм вууэ сагъэбжьыбжь –** у-ух, сыту фIыуэ зэхэслъхьа усэр!

Шэрэз зиIэ гъудэбадзэхэм сэ зыкIэ сащошынэри-и-и, ды-ды-дыд! ИкIи сагъэдыд! Ахэр псори зэщхьщ. Ди дадэ бжьахъуэщ атIэ. Абы аргъуейри, гъудэри, бжьэхэри сурэткIэ зырызыххэу сигъэлъагъури, мис итIанэ зэхэсцIыхукIыф сыхъуащ. Мис бжьэхэр, фыкъеплъ:


бжьэ (пчела)


хьэдзыгъуанэ (оса)


щIыбжьэ (шмель)


хьэдзыгъуанэшхуэ
(большая оса)

Дадэ къыджиIаращ абыхэм ятеухуауэ:

«ЦIыкIухэ, бжьэхэр фIыуэ лъэгъун хуейщ. Фэ ахэм фащымышынэ. Щхъухь зезыхьэ псэущхьэхэр ауэ сытми цIыхухэм къатеуэркъым. Ахэр щIэдзакъэри шэрэзкIэ щIэуэри захъумэжын папщIэкIэщ. Фэ фащымыхьэ закъуэ! Абыхэм я абгъуэ гъунэгъуу фемыкIуалIэ, унэм къыщIэлъэтамэ, къакIэлъывмыжыхь, фукIынуи фыхэмыт. Фи бжэ-щхьэгъубжэхэр ину зэIуфхрэ щIэлъэтыжыху фыпэплъэмэ нэхъыфIщ. Iэфl фшхыуэ Iэнэм фыпэрысми, ахэр къэлъатэу къывдэшхэнущ. Абы фыхуэмеймэ, а фшхыр вгъэпщкIуи бжьэр щIэлъэтыжыху фежьэ», – дзахъэу мэдыхьэшх дадэ. Ауэ сэ си дыхьэшхын къакIуэркъым. Дадэ игъащIэ лъандэрэ бжьэм яхэтщи, ахэр зыдигъэшхэфынущ. Сэ сащошынэ, абы ящIа фор сфIэIэфIыпсу сшхы пэтми, садэгуэшэфынукъым бжьэ бзаджэхэм.

***ХЪАРЗЫНЭ Зуридэ***

# ГЪЭМАХУЭМ И КУРЫХ



Соблыр Имран, 1 илъэс




Къашыргъэ Азэмэт,
илъэси 6



Къашыргъэ Дисанэ,
1 илъэс




Ахъмэт Инал,
илъэси 5



Соблырхэ Алинэрэ
Каролинэрэ, илъэси 4



Иуанхэ, КъуэшIысокъуэхэ, ТаукIэщхэ,
ЛампIэжьхэ, Шыбзыхъуэхэ я сабийхэрщ

# ПСАЛЪЭ ШЭРЫУЭХЭР

Дэтхэнэ бзэри зыгъэдахэр, зыгъэIэфIыр абы и псалъэ шэрыуэхэрщ. Ахэр зыхэфщIэмэ, анэдэлъхубзэр фхуэгъэбзэрэбзэнщ, фи псалъэгъухэр къыдэфхьэхынщ. Бзэр зымыщIэмкIэ псалъэ шэрыуэхэр къуажэхь хуэдэщ. ФэркIэ-щэ? Псалъэ шэрыуэхэмрэ ахэр зытражыIыхьамрэ зэхуэвгъэкIуэфмэ, анэдэлъхубзэр фощIэ!

- И щхьэм жьыуей щызопщэ
- И бзэгу IэфI къытенэжакъым
- И гуэн лъапэ дзыгъуэ егъужыркъым
- И гур дзапэкIэ иIыгъщ
- И кIапсэкIэ щIилъэфыжащ
- И нэбжьыц хэхуауэ илъагъуркъым
- И пхъэ къикIащ, и кIэн къикIащ
- И тхьэкIумэ цIыв ирегъапщхьэ
- И хьэ бажэ къиубыда нэхъей
- И зыгъазэ зы мазэщ
- И щхьэ мафIэм хэлъщ
- И шыкIэ мафIэ егъэуащ
- Джэду фIыцIэ яку дэжащ
- Мывэри вагъуэри ишхынущ
- И жьэ IэкIэ щIалъхьащ















Зыгъэхьэзырар ІЭПЭІЭСЭ Лацэщ

## «ГУЩЭКЪУ УЭРЭД»

*Нурым и сурэтыщI, IэпэIэсэ* **ХЬЭЛИЛЭ Миланэ**
*и IэдакъэщIэкI лэжьыгъэхэр лъэпкъ музейм ягъэлъэгъуащ.*
*Ахэр псори къызыхэщIыкIар упщIэ щабэщ (цы зэгъэпцIа),*
*къызыхэхъукIар Миланэ и сабиигъуэ гукъэкIыжхэрщ:*
*анэIэ щабэм, псысэхэм, гущэкъу уэрэдхэм.*










*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается С 1 января 1982 года
**№ 7 2021 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Компьютерная вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Корректор
***Ф. КАШИРГОВА***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 01.07. 2021 г.
Выход в свет 27.07. 2021 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak, DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 2655 экз.
Заказ №1542
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**



Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.